

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo



## Pou benefisyè vaksen an:

Kesyon sa yo pral ede nou detèmine si genyen nenpòt rezon ki fè ou pa ta dwe pran vaksen pou COVID-19 la jodia. **Si ou reponn “wi” pou nenpòt kesyon, sa pa nesèman vle di ou pa dwe resevwa vaksen an.** Sa senpleman vle di yo kapab poze w lòt kesyon. Si yon kesyon pa klè, tanpri mande founisè swen sante ou an pou eksplike ou li.

Non \_\_\_\_\_

Laj \_\_\_\_\_

	Wi	Non	Mwen pa konnen
1. Èske w santi w malad jodia?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
2. Èske ou te resevwa yon dòz nan vaksen pou COVID-19 la?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Si wi, ki pwodwi vaksen ou te resevwa?                              <input type="checkbox"/> Pfizer                      <input type="checkbox"/> Moderna                      <input type="checkbox"/> Janssen  <i>(Johnson &amp; Johnson)</i>                      _____  <input type="checkbox"/> Yon Lòt Pwodwi                         </li> <li>• Èske ou te pote kat dosye vaksinasyon ou an oswa lòt dokimantasyon? (wi/non)</li> </ul>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
3. Èske ou te deja fè yon reyaksyon alèjik ak: ( <i>Sa t ap genyen ladan yon gwo reyaksyon alèjik [tankou, anafilaksi] ki te egzije tretman avèk epinephrine oswa EpiPen® oswa ki te lakoz ou ale lopital. Sa t ap genyen ladan tou yon reyaksyon alèjik ki lakoz itikè, enflamasyon, oswa detrès respiratwa, ki genyen ladan respirasyon siflan.</i> )			
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon konpozan nan yon vaksen pou COVID-19, ki genyen ladan youn nan bagay sa yo:                             <ul style="list-style-type: none"> <li>○ Polyethylene glycol (PEG), ke yo jwenn nan kèk medikaman, tankou laksatif ak preparasyon pou pwosedi pou kolonoskopi</li> <li>○ Polysorbate, ke yo jwenn nan kèk vaksen, konprime pelikile ak estewoyid entravene</li> </ul> </li> <li>• Yon ansyen dòz vaksen pou COVID-19</li> </ul>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
4. Èske ou te deja fè yon reyaksyon alèjik ak yon lòt vaksen ( <i>ki diferan de vaksen pou COVID-19 la</i> ) oswa ak yon medikaman ki enjektab? ( <i>Sa t ap genyen ladan yon gwo reyaksyon alèjik [tankou, anafilaksi] ki te egzije tretman avèk epinephrine oswa EpiPen® oswa ki te lakoz ou ale lopital. Sa t ap genyen ladan tou yon reyaksyon alèjik ki lakoz itikè, enflamasyon, oswa detrès respiratwa, ki genyen ladan respirasyon siflan.</i> )	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
5. Tcheke tout sa ki aplike pou ou:			
<input type="checkbox"/> Mwen se yon fanm ki genyen laj ant 18 ak 49 lane			
<input type="checkbox"/> Mwen te fè yon gwo reyaksyon alèjik ak yon bagay ki diferan de vaksen an oswa terapi enjektab tankou manje, bèt domestik, venen, alèji anviwònmantral oswa alèji ak medikaman oral			
<input type="checkbox"/> Mwen te genyen COVID-19 epi M te trete avèk antikò monoklonal oswa sewòm konvalesan			
<input type="checkbox"/> Mwen te dyagnostike avèk Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik (MIS-A oswa MIS-A) aprè yon enfeksyon COVID-19			
<input type="checkbox"/> Mwen genyen yon sistèm iminitè ki afebli (ki enkli, enfeksyon VIH, kansè)			
<input type="checkbox"/> Mwen pran medikaman oswa terapi iminosipresif			
<input type="checkbox"/> Mwen genyen yon twoub emorajik			
<input type="checkbox"/> Mwen pran yon antikowagilan			
<input type="checkbox"/> Mwen genyen yon antesedan twonbositopeni eparin pwovoke (HIT)			
<input type="checkbox"/> Mwen aktyèlman ansent oswa m ap bay tete			
<input type="checkbox"/> Mwen te resevwa piki pwodui nan po pou konble min nan figi			

Familè revize pa \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Yo kite paj sa a vid toutespre.**

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



Pou jwenn enfòmasyon anplis sou gid klinik vaksen pou COVID-19 la, gade <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/clinical-considerations.html>.

Pou jwenn enfòmasyon anplis sou Komite Konsiltatif la sou Pratik Vaksinasyon yo *Machaswiv sou Pi Bon Pratik Jeneral pou Vaksinasyon*, gade <https://www.cdc.gov/vaccines/hcp/acip-recs/general-recs/index.html>.

Vaksen pou COVID-19 yo otorize pou diferan gwoup laj epi yo administre l nan misk kòm yon seri ki genyen de dòz oswa yon sèl dòz.

PWODWI VAKSEN AN	GWROUP LAJ KI OTORIZE	SERI	ENTÈVAL
Vaksen Pfizer-BioNTech pou COVID-19	12 lane ak plis	2 dòz	21 jou
Vaksen Moderna pou COVID-19	laj 18 lane ak plis	2 dòz	28 jou
Vaksen Janssen pou COVID-19 (Johnson & Johnson)	laj 18 lane ak plis	1 dòz	N/A

Tout moun ki pa nan gwoup laj ki otorize pou yon pwodwi pa dwe resevwa vaksen an.

Tan Obsèvasyon Aprè Vaksinasyon pou Moun ki pa genyen Kont-Endikasyon pou Vaksinasyon pou COVID-19 la

#### ▪ 30 minit:

- Antesedan de yon reyaksyon alèjik imedyà, kèlkeswa gravite a, pou yon vaksen oswa yon terapi ki enjektab
- Kont-endikasyon pou yon tip vaksen pou COVID-19 ki diferan (pa egzanp, moun ki genyen yon kont-endikasyon pou vaksen ARNm ki resevwa yon Vaksen Janssen (Vaksen Johnson & Johnson COVID-19)
- Antesedan anafilaksi ki soti nan nenpòt koz

#### ▪ 15 minit:

- Tout lòt moun

Administrasyon vaksen COVID-19 anvan ak lòt vaksen yo

Vaksen pou COVID-19 ak lòt vaksen yo **kapab administre san konsidere kalandriye a**. Sa genyen ladan administrasyon anmenmtan vaksen pou COVID-19 yo ak lòt vaksen yo pandan menm vizit la. Lòt vaksen yo ka administre tou nenpòt lè anvan oswa aprè vaksinasyon COVID-19 la.

## 1. Èske w santi w malad jodia?

Byenke pa genyen anyen ki pwouve ke gwo maladi redwi efikasite vaksen an oswa ogmante reyaksyon negatif yo, kòm yon prekosyon, **retade vaksen pou pasyan ki genyen gwo maladi oswa maladi modere** jiskaske maladi a amelyore.

**Retade vaksinasyon moun ki genyen aktyèl enfeksyon SARS-CoV-2 jiskaske moun nan retabli de maladi grav epi izòlman an sispann.** Rekòmandasyon sa a aplike san konsidere si enfeksyon SARS-CoV-2 an

te rive anvan benefisyè a te resevwa yon premye dòz oswa dezyèm dòz, pou yon vaksen ki mande de dòz. Li pa rekòmande pou fè tès viral oswa tès sewolojik pou evalye aktyèl enfeksyon presedan sèlman nan objektif pou pran desizyon sou vaksen.

**Moun ki genyen maladi lejè ka pran vaksen an.** Pa retni vaksinasyon an si yon moun ap pran antityotik.

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



## 2. Èske ou te resevwa yon dòz nan vaksen pou COVID-19 la?

Vaksen COVID-19 yo, youn pa ka ranplase lòt.

Pou pwodwi ki mande de dòz yo, verifye dosye medikal, sistèm enfòmasyon pou vaksinasyon, ak kat dosye vaksinasyon pou ede detèmine premye pwodwi moun nan te resevwa a. Si yo pa ka detèmine pwodwi vaksen pou premye dòz la oswa li pa disponib ankò, yo kapab

administre nenpòt vaksen ARNm ki disponib (dòz separe omwen 28 jou). Si yo administre de dòz nan vaksen ARNm pou COVID-19 la pa aksidan, yo pa rekòmande okenn lòt dòz anplis nan pwodwi a.

Moun ki te resevwa yon vaksen esè ta dwe konsilte espansò esè a pou detèmine si li posib pou resevwa lòt dòz anplis.

Pou moun ki te resevwa yon vaksen pou COVID-19 andeyò Etazini:

- Moun ki te resevwa tout dòz ki rekòmande nan yon vaksen COVID-19 ki rekòmande pa FDA a pa bezwen okenn lòt dòz anplis. Moun ki te resevwa premye dòz nan yon vaksen COVID-19 ki rekòmande de dòz **pa bezwen** pou rekòmanse seri vaksen yo Ozetazini, men yo ta dwe resevwa dezyèm dòz la byen pre otank posib ak moman ki rekòmande a.
- Moun ki te resevwa tout dòz ki rekòmande nan yon vaksen pou COVID-19 ki mansyone pou itilizasyon dijans pa OMS **pa bezwen** okenn lòt dòz anplis avèk yon vaksen COVID-19 ki otorize pa FDA a. Gade Konsiderasyon Klinik pa Enterim yo pou Itilizasyon Vaksen pou COVID-19 ki Aktyèlman Otorize Ozetazini (<https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/clinical-considerations.html>) pou jwenn yon lis vaksen OMS yo pou itilizasyon dijans.
- Moun ki pa te resevwa tout dòz ki rekòmande nan yon vaksen pou COVID-19 ki mansyone pou itilizasyon dijans pa OMS kapab resevwa yon seri vaksen pou COVID-19 konplè ki otorize pa FDA a. Tann omwen 28 jou aprè dènye dòz vaksen ki pa otorize pa FDA a anvan pou administre yon vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a.
- Moun ki te resevwa tout oswa kèk dòz ki rekòmande nan yon vaksen pou COVID-19 ki pa mansyone pou itilizasyon dijans pa OMS epi ki pa otorize pa FDA a kapab resevwa yon seri vaksen pou COVID-19 konplè ki otorize pa FDA a. Tann omwen 28 jou aprè dènye dòz vaksen ki pa otorize a anvan administrasyon yon vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a.

## 3. Èske ou te deja fè yon reyaksyon alèjik ak:

- Yon konpozan nan yon vaksen pou COVID-19, ki genyen ladan:
  - Polyethylene glycol (PEG), ke yo jwenn nan kèk medikaman, tankou laksatif ak preparasyon pou pwosedi pou kolonoskopi
  - Polysorbate, ke yo jwenn nan kèk vaksen, konprime pelikile, ak estewoyid entravene
- Yon ansyen dòz vaksen pou COVID-19

Moun ki genyen yon reyaksyon alèjik\* ak yon ansyen dòz vaksen pou COVID-19 la oswa yon alèji ki koni (dyagnostike) pou yon konpozan nan vaksen an genyen yon kont-endikasyon pou vaksen an.

Moun ki genyen yon kont-endikasyon pou yon vaksen ARNm pou COVID-19 pa ta dwe resevwa dòz nan youn nan vaksen ARNm yo (Pfizer-BioNTech oswa Moderna). Moun ki genyen yon kont-endikasyon pou vaksen ARNm pou COVID-19 (ki genyen ladan akoz yon alèji ki koni [dyagnostike] ak PEG<sup>†</sup>) genyen yon prekosyon pou Vaksen Janssen pou COVID-19 la.

Moun ki genyen yon kont-endikasyon pou Vaksen Janssen pou COVID-19 (ki genyen ladan akoz yon alèji ki koni [dyagnostike] ak polisòbat\*) ki genyen yon prekosyon pou vaksen ARNm pou COVID-19 la.

Moun ki genyen yon antesedan pou reyaksyon alèji imedyata pou yon vaksen oswa yon terapi ki enjektab ki genyen plizyè konpozan, youn oswa plis nan yo se yon konpozan nan vaksen pou COVID-19 la, genyen yon prekosyon pou vaksinasyon avèk vaksen pou COVID-19 la, menm si yo pa konnen ki konpozan ki te pwovoque reyaksyon alèjik la.

\*Lè benefisyè vaksen yo deklare yon antesedan de yon reyaksyon alèjik imedyata, founisè yo ta dwe eseye detèmine si reyaksyon ki deklare aprè vaksinasyon yo koresponn avèk reyaksyon alèjik imedyata kont lòt tip reyaksyon ki toujou obsève aprè vaksinasyon an, tankou reyaksyon vazovagal oswa efè segondè aprè vaksinasyon an (ki pa kont-endikasyon pou resevwa dezyèm dòz la nan yon vaksen ARNm pou COVID-19).

<sup>†</sup>Polyethylene glycol (PEG) se yon engredyan ki nan toude vaksen ARNm pou COVID-19 la, epi polysorbate 80 se yon engredyan nan Vaksen Janssen pou COVID-19 la. Akoz PEG ak polysorbate la estriktirèlman lye, kapab genyen yon ipèsansibilite kwaze ant konpozan sa yo.

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



## Konpozan Vaksen pou COVID-19 yo\*

Deskripsyon	Vaksen Pfizer-BioNTech ARNm pou COVID-19	Vaksen Moderna ARNm pou COVID-19	Vaksen Janssen pou COVID-19
<b>Engredyan ki Aktif</b>	ARNm modifiye ak nikleyozid ki kode pou glikopwoteyin pwent (S) viral SARS-CoV-2	ARNm modifiye ak nikleyozid ki kode pou glikopwoteyin pwent (S) viral SARS-CoV-2	Vektè Viral; vektè Ad26 Rekonbinan, enkonpetan pou replikasyon, ki kode pou yon varyant estabilize nan pwoteyin Pwent (S) SARS-CoV-2 an
<b>Engredyan ki Inaktif</b>	2[(polyethylene glycol {PEG}- 2000]-N, N-ditetradecylacetamide	PEG2000-DMG: 1,2-dimyristoyl-rac-glycerol, methoxypolyethylene glycol	Polysorbate-80
	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	2-hydroxypropyl-β-cyclodextrin (HBCD)
	Kolestewòl	Kolestewòl	Asid sitrik mono-idrate
	(4-hydroxybutyl)azanediyilbis(hexane-6,1-diyl)bis(2-hexyldecanoate)	SM-102: heptadecan-9-yl 8-((2-hydroxyethyl) (6-oxo-6-(undecyloxy) hexyl) amino) octanoate	Trisodium citrate dihydrate
	Klori sodyòm	Tromethamine	Klori sodyòm
	Fosfat potasyòm monobazik	Tromethamine hydrochloride	Etanòl
	Klori potasyòm	Asid asetik	
	Fosfat sodyòm dibazik di-idrate	Asetat sodyòm	
Sakawoz	Sakawoz		

\*Okenn nan vaksen sa yo pa genyen ze, jelatin, latèks, oswa prezèvatif.

## Karakteristik potansyèl reyaksyon alèjik yo, reyaksyon vazovagal, ak efè segondè vaksen an aprè vaksinasyon pou COVID-19 la

Lakay pasyan ki fè fas ak sentòm aprè vaksinasyon yo, detèminasyon kòz la (ki genyen ladan reyaksyon alèjik, reyaksyon vazovagal, oswa efè segondè vaksen an) enpòtan pou detèmine si yon moun ka resevwa lòt dòz anplis nan vaksen an (ki genyen ladan 2yèm dòz nan yon vaksen ARNm pou COVID-19). Objektif tablo siy ak sentòm ki annapre la yo se

pou sèvi kòm yon resous men yo ka pa gen tout siy ak sentòm yo, epi pasyan yo kapab pa gen tout siy oswa sentòm yo. Founisè yo ta dwe itilize jijman klinik yo lè y ap evalye pasyan yo pou detèmine dyagnostik ak jesyon ki apwopriye.

Karakteristik	Reyaksyon alèjik imedyà (ki genyen ladan anafilaksi)	Reyaksyon vazovagal	Efè segondè vaksen an (lokal ak sistèmik)
Moman aprè vaksinasyon	Pifò nan yo rive nan 15-30 minit aprè vaksinasyon an	Pifò nan yo rive nan 15 minit	An mwayèn soti 1 jiska 3 jou aprè vaksinasyon an (avèk pifò nan yo ki rive nan jou aprè vaksinasyon an)

### SIY AK SENTÒM

Karakteristik	Reyaksyon alèjik imedyà (ki genyen ladan anafilaksi)	Reyaksyon vazovagal	Efè segondè vaksen an (lokal ak sistèmik)
Konstitisyonèl	Santiman malè pral rive	Sansasyon chalè oswa fredri	Lafyè, frison, fatig
Nan po	Sentòm nan po yo prezan lakay ~90% moun ki genyen anafilaksi, ki genyen ladan demanjezon, itikè, po ki vin wouj, edèm Quincke	Palè, transpirasyon, po ki fwèt, sansasyon chalè nan vizaj	Doulè, eritèm oswa anflamasyon nan sit enjeksyon an, lenfadenopati nan menm bra ki te pran vaksen an
Newolojik	Konfizyon, dezoryantasyon, toudisman, vètij, feblès, pèt konesans	Toudisman, vètij, senkòp (souvan aprè sentòm pwodwomik yo pandan kèk segonn oswa minit), feblès, chanjman nan vizyon (tankou pwen limyè k ap vasiye, vizyon an tinèl) chanjman nan odisyon	Maltèt

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



Karakteristik	Reyaksyon alèjik imedya (ki genyen ladan anafilaksi)	Reyaksyon vazovagal	Efè segondè vaksen an (lokal ak sistematik)
Respiratwa	Souf kout, respirasyon siflan, kontraksyon bwonch, estridò, ipoksi	Varyab; si li akonpanye pa anksyete, kapab genyen yon vitès respirasyon ki elve	N/A
Kadyovaskilè	Tansyon ba, takikadi	Varyab; kapab genyen ipotansyon oswa bradikadi pandan evènman senkòp	N/A
Gastwoentestinal	Kèplen, vomisman, kranp abdominal, dyare	Kèplen, vomisman	Kapab genyen vomisman oswa dyare
Miskiloskeletal	N/A	N/A	Doulè miskilè, doulè atikilè

## REKÒMANDASYON VAKSEN

Karakteristik	Reyaksyon alèjik imedya (ki genyen ladan anafilaksi)	Reyaksyon vazovagal	Efè segondè vaksen an (lokal ak sistematik)
Si ou te vaksinen avèk yon vaksen ARNm pou COVID-19 kòm premye dòz, èske li rekòmande pou resevwa dezyèm dòz vaksen ARNm nan?	Non	Wi	Wi

Founisè swen sante oswa depatman sante Ozetazini yo ka mande yon konsiltasyon nan kad pwojè Evalyasyon Sekirite pou Vaksinasyon Klinik COVIDvax la (<https://www.cdc.gov/vaccinesafety/ensuringsafety/monitoring/cisa/index.html>) sou yon kesyon ki komplèks sou sekirite vaksen pou COVID-19 la ki pa fasilman trete nan gid CDC a konsènan yon pasyan endividyèl ki rezide Ozetazini.

Pwofesyonèl swen sante yo ta dwe abitye nan idantifikasyon reyaksyon alèjik tip imedya yo, ki genyen ladan anafilaksi, epi ta dwe konpetan nan trete evènman sa yo nan moman administrasyon vaksen an. Tretman medikal ki apwopriye pou reyaksyon alèjik grav yo dwe disponib touswit si ta genyen yon reyaksyon anafilaktik egi aprè administrasyon yon vaksen pou COVID-19. Gade Jesyon Anafilaksi nan Sit Vaksinasyon COVID-19 yo | CDC pou jwenn lòt gid anplis. <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/pfizer/anaphylaxis-management.html>

Kapab genyen senkòp an asosiyasyon avèk vaksen ki enjektab yo, an patikilye lakay adolesan yo. Pwosedi yo ta dwe an plas pou evite blesi ki lye ak lè moun tonbe epi jere reyaksyon senkòp yo. Yo rekòmande pou obsève tout moun aprè vaksinasyon pou COVID-19 la pandan omwen 15 minit. Pasyan yo ta dwe chita oswa kouche pandan peryòd obsèvasyon an pou diminye risk yo genyen pou blese si yo ta endispoze. Si genyen devlopman senkòp, yo ta dwe obsève pasyan yo jiskaske sentòm yo disparèt.

## 4. Èske ou te deja fè yon reyaksyon alèjik ak yon lòt vaksen (ki diferan de vaksen pou COVID-19 la) oswa ak yon medikaman ki enjektab?

Yon antesedan pou nenpòt reyaksyon alèjik (nan 4 èdtan) pou nenpòt lòt vaksen oswa terapi ki enjektab (ki enkli, nan misk, nan venn, oswa vaksen oswa terapi anba po ki pa lye avèk yon konpozan vaksen pou COVID-19 la) se yon prekosyon pou vaksen COVID-19 ki otorize pou kounyeya. Yo kapab administre vaksen an, men yo konseye pasyan yo konsènan risk ki enkonni pou devlope reyaksyon alèjik grav epi fè ekilib ant risk sa yo ak avantaj vaksinasyon yo. Yo kapab konsidere pou retade

vaksinasyon an ak/oswa konsiltasyon avèk yon alègològ-iminològ. Konsiderasyon pou vaksinasyon yo genyen ladan risk ekspozisyon pou SARS-CoV-2, risk pou maladi grav oswa lanmò akòz COVID-19 la, yon enfeksyon presedan avèk COVID-19, risk anafilaksi ki enkonni aprè vaksinasyon pou COVID-19 la, ak kapasite benefisyè a pou resevwa swen imedya pou anafilaksi, si nesese. **Yo dwe obsève moun sa yo pandan 30 minit aprè vaksinasyon an.**

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



## 5. Konsiderasyon Klinik:

Repons	Konsiderasyon
<b>Fanm ki genyen ant 18 ak 49 lane</b>	<p>Fanm ki genyen 18 jiska 49 lane yo ka resevwa nenpòt vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a. Sepandan, yo ta dwe enfòme yo konsènan risk ki ra men ki ogmante pou twonboz avèk sendwòm twonbositopeni a (TTS) aprè yo fin resevwa Vaksen Janssen pou COVID-19 la <a href="http://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine">www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine</a> ak disponiblite lòt vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a.</p> <p>TTS se yon sendwòm ra ki enplike twonboz egi nan venn oswa nan atè ak yon nouvo atak twonbositopeni lakay pasyan ki pa genyen okenn dènye ekspozisyon koni nan eparin.</p> <p>Yo ka jwenn lòt materyèl edikatif anplis pou benefisyè nan <a href="http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/JJUpdate.html">www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/JJUpdate.html</a>.</p>
<b>Mwen te fè yon gwo reyaksyon alèjik ak yon bagay ki diferan de vaksen an oswa terapi enjektab tankou manje, bèt domestik, venen, alèji anviwònmanal oswa alèji ak medikaman oral</b>	<p>Reyaksyon alèjik, ki genyen ladan gwo reyaksyon alèjik, <b>KI PA</b> lye ak vaksen yo, terapi enjektab, oswa konpozan ki nan vaksen pou COVID-19 yo, se <b>PA</b> kont-endikasyon pou vaksinasyon avèk vaksen COVID-19 ki otorize pou kounyeya. Sepandan, moun ki te genyen gwo reyaksyon alèjik ak nenpòt bagay, kèlkeswa koz la, yo ta dwe resevwa obsèvasyon pandan 30 minit aprè vaksinasyon an.</p>
<b>Mwen te genyen COVID-19 epi M te trete avèk antikò monoklonal oswa sewòm konvalesan</b>	<p>Yo dwe ofri vaksen yo ak tout moun san konsidere enfeksyon SARS-CoV-2 la avèk sentòm oswa san sentòm nan pase yo. Pa genyen yon entèval minimal ki rekòmande ant enfeksyon ak vaksinasyon an.</p> <p>Sepandan, yo ta dwe retade vaksinasyon an pandan omwen 90 jou si pasyan an te resevwa antikò monoklonal oswa sewòm konvalesans kòm tretman pou COVID-19. Se yon mezi prekosyon jiskaske lòt enfòmasyon disponib, pou evite entèferans tretman pa antikò avèk repons iminitè ke vaksen an te pwovoke.</p>

# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



Repons	Konsiderasyon
<p><b>Te genyen sendwòm enflamatwa; swa MIS-C (timoun) oswa MIS-A (adilt)</b></p>	<p>Yo pa konnen si moun ki genyen antesedan MIS-C oswa MIS-A yo genyen risk pou prezante yon repons iminitè ki deregle pou vaksinasyon pou COVID-19 la.</p> <p>Moun ki genyen yon antesedan MIS-C oswa MIS-A la kapab chwazi pran vaksen an. Konsiderasyon pou vaksinasyon yo kapab genyen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ Retablisman klinik de MIS-C oswa MIS-A, ki genyen ladan retou nan fonksyon kadyak nòmal</li> <li>■ Risk pèsònèl pou COVID-19 egi grav (pa egzanzp, kondisyon medikal alabaz)</li> <li>■ Nivo transmisyon COVID-19 nan kominote a ak risk pèsònèl pou enfekte yon lòt fwa</li> <li>■ Mank done sou sekirite vaksen pou COVID-19 la aprè maladi sa yo</li> <li>■ Kalandriye tout terapi iminomodilatis (pou jwenn plis enfòmasyon, ou ka konsilte machaswiv sou pi bon pratik jeneral nan kesyon vaksinasyon <a href="https://www.cdc.gov/vaccines/hcp/acip-recs/general-recs/index.html">https://www.cdc.gov/vaccines/hcp/acip-recs/general-recs/index.html</a>)</li> </ul> <p>Poutèt aktyèl prèv yo sijere ke risk reyenfeksyon SARS-CoV-2 an fèb nan mwa aprè enfeksyon inisyal la, moun ki genyen yon antesedan MIS-C oswa MIS-A ta dwe panse pou retade vaksinasyon an jiskaske li retabli de enfeksyon li a epi pandan 90 jou aprè dat dyagnostik MIS-C oswa MIS-A.</p> <p>Yon konvèsasyon ant pasyan an, gadyen legal li (yo), ak ekip klinik li a oswa yon espesyalis kapab ede pou desizyon ki gen pou wè ak vaksinasyon pou COVID-19 la. Epiyou founisè swen sante ak depatman sante yo kapab mande yon konsiltasyon nan kad Pwojè Evalyasyon Sekirite pou Vaksinasyon Klinik la nan <a href="http://www.cdc.gov/vaccinesafety/ensuringsafety/monitoring/cisa/index.html">www.cdc.gov/vaccinesafety/ensuringsafety/monitoring/cisa/index.html</a>.</p>
<p><b>Gen yon sistèm iminitè ki afebli (enfeksyon VIH, kansè) Mwen pran medikaman oswa terapi iminosipresif</b></p>	<p>Yo kapab administre vaksen pou COVID-19 yo bay moun ki genyen kondisyon medikal alabaz, tankou enfeksyon VIH oswa lòt kondisyon iminodepresif, oswa ki pran medikaman oswa terapi iminosipresif, ki pa genyen okenn kont-endikasyon pou vaksinasyon an.</p> <p>Sepandan, yo ta dwe resevwa konsèy sou pwofil sekirite yo pa konnen konsènan vaksen an ak efikasite nan popilasyon iminodeprime yo ansanm posiblité pou repons iminitè redui ak nesite pou kontinye swiv tout aktyèl gid pou pwoteje tèt yo kont COVID-19.</p> <p>Yo kapab administre vaksen pou COVID-19 yo san konsidere tretman kòtikostewoyid, ki genyen ladan tretman entra-atikilè oswa tretman topik. Yo pa rekòmande revaksinasyon aprè yo fin rejwenn konpetans iminitè a.</p>
<p><b>Mwen genyen yon twoub emorajik Mwen pran yon antikowagilan</b></p>	<p>Menm jan avèk tout vaksen yo, yo kapab administre tout pwodwi vaksen pou COVID-19 bay pasyan sa yo, si yon medsen ki fanmiye avèk risk emoraji pasyan an detèmine ke vaksen an kapab administre nan misk avèk sekirite ki rezonab.</p> <p>ACIP rekòmande teknik sa yo pou vaksinasyon nan misk lakay pasyan ki genyen twoub emorajik oswa k ap pran antikowagilan: Yon egij ki genyen ti kalib (kalib 23 oswa kalib ki pi piti) ta dwe itilize pou vaksinasyon an, ki swiv pa yon presyon ki djanm sou sit la, san fwote, pandan omwen 2 minit.</p> <p>Moun ki regilyèman pran aspirin oswa antikowagilan nan kad medikaman woutin yo pa bezwen sispann medikaman sa yo anvan yo resevwa nenpòt vaksen pou COVID-19.</p>



# Lis Verifikasyon Anvan Vaksinasyon pou Vaksen pou COVID-19 yo

Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo



Repons	Konsiderasyon
<p><b>Antesedan twonbositopeni eparin pwovoke (HIT)</b></p>	<p>Byenke koz sendwòm twonboz avèk twonbositopeni (TTS) ki asosye avèk Vaksen Janssen pou COVID-19 la pa klè, li sanble similè avèk yon lòt sendwòm medyasyon iminitè, twonpositopeni eparin pwovoke (HIT). Jiskaske plis enfòmasyon vin disponib, ekspè yo konseye ke moun ki genyen antesedan iminitè de yon epizòd sendwòm medyasyon iminitè ki karakterize pa twonboz ak twonbositopeni, tankou HIT, yo ta dwe ofri yo yon lòt vaksen pou COVID-19 (ki enkli, vaksen ARNm) si sa genyen 90 jou oswa mwens depi maladi yo a te geri. Aprè 90 jou, pasyan yo kapab vaksinen avèk nenpòt vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a.</p> <p>Ekspè yo kwè ke faktè annapre la yo pa rann moun nan siseptib pou TTS aprè li fin resevwa vaksen Janssen pou COVID-19 la. Moun ki genyen kondisyon sa yo kapab vaksinen avèk nenpòt vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a, ki genyen ladan vaksen Janssen pou COVID-19:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ Yon ansyen antesedan twonbo-anboli nan venn</li> <li>■ Faktè risk pou twonbo-anboli nan venn (tankou, twonbofili ereditè oswa twonbofili aki, sa gen ladan Faktè V Leiden; mitasyon jèn pwotwonbin 20210A; sendwòm antifosfolipid; defisi nan pwoteyin C, pwoteyin S oswa antitwonbin</li> <li>■ Yon ansyen antesedan de lòt tip twonboz ki pa asosye avèk twonbositopeni</li> <li>■ Gwosès, post-partum, oswa resevwa kontraseptif òmonal (tankou, kontraseptif oral ki konbine, patch, ano)</li> </ul> <p>Yo ka jwenn lòt materyèl edikatif anplis pou benefisyè nan <a href="http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/JJUupdate.html">www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/JJUupdate.html</a>.</p>
<p><b>Ansent oswa ap bay tete kounyeya</b></p>	<p>Moun ki ansent oswa moun k ap bay tete yo elijib pou sa epi yo ka resevwa tout vaksen pou COVID-19 ki otorize kounyeya.</p> <p>Selon aktyèl konesans, ekspè yo kwè ke vaksen pou COVID-19 la pa gen chans pou poze yon risk pou moun ki ansent lan oswa pou fetis la. Vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a pa ka lakoz enfèksyon pou ni manman an ni fetis la. Sepandan, risk potansyèl vaksen pou COVID-19 pou popilasyon sa a enkonni paske yo pa te etidye vaksen an lakay moun ki ansent.</p> <p>Lè y ap pran yon desizyon, moun ki ansent ak founisè swen sante yo a dwe konsidere nivo transmisyon COVID-19 nan kominote a, risk pèsònèl pasyan an pou trape COVID-19, ogmantaston risk pou pasyan an fè COVID-19 ki grav, ak potansyèl risk pou fetis la, avantaj potansyèl ak avantaj ki koni nan vaksinasyon an, efikasite vaksen an, efè segondè vaksen an, ak done limite men ki an ogmantasyon konsènan sekirite vaksen an pandan gwosès la.</p> <p>Moun ki ansent, moun k ap bay tete, ak moun nan post-partum ki genyen 18 jiska 49 lane dwe konnen risk ki ra pou TTS la aprè yo fin resevwa Vaksen Janssen pou COVID-19 la ak lòt vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a (sètadi, vaksen ARNm yo).</p>
<p><b>Te resevwa piki pwodui nan po pou konble min nan figi</b></p>	<p>Vaksen pou COVID-19 ki otorize pa FDA a ka administre bay moun ki te resevwa pwodwi nan po pou konble min ki pa genyen okenn kont-endikasyon oswa prekosyon pou vaksinasyon.</p> <p>Raman, moun sa yo kapab fè fas ak anflamasyon tanporè nan sit oswa toupre sit enjeksyon nan po a (jeneralman nan vizaj oswa nan lèy) aprè administrasyon yon dòz nan vaksen pou COVID-19 la. Yo dwe konseye moun sa yo pou kontakte founisè swen sante yo a si genyen devlopman enflamasyon nan sit oswa toupre sit pwodwi konbleman nan po a aprè vaksinasyon an.</p>